



Nouvo! Elijiblite elaji pou pri redui MBTA

MBTA ap elaji aksè a pri redui pou pasaje ki gen revni elijib yo. Pasaje ki elijib yo pral jwenn aksè a mwatye pri tikè regilye yo sou Commuter Rail, Subway, Otobis, Ferry, ak The RIDE.

- Aplike sou entènèt senp, rapid, epi fasil sou telefòn ou, òdinatè, oswa tablèt ou.
- Tcheke kalifikasyon rapid pou jwenn apwobasyon ka rive nan kèk minit.
- Aplike sou Entènèt an Angle, Panyòl, Pòtigè, Chinwa Senplifye, Ayisyen, Chinwa Tradisyonèl, oswa Vietnamyen.

Elijibilite

Moun ki elijib pou nouvo pwogram pri redui a gen ladan moun ki gen laj 18-64 ane ki ap patisipe nan youn nan pwogram benefis leta oswa federal yo aksepte epi ki pa kouvri kounye a pa pwogram pri redui MBTA ki egziste deja.

Depatman Asistans Tranzisyon

- Èd ijans pou granmoun, andikape ak timoun (EAEDC)
- Pwogram Asistans Nitrisyon Sipleman tè (SNAP)
- Èd Tranzisyon pou Fanmi ak Timoun Depandan (TAFDC)

MassHealth

- Limited Plus Children's Medical Security Plan (CMSP)
- MassHealth CarePlus
- MassHealth Family Assistance
- MassHealth Limited
- MassHealth Standard

MASSGrant

Kijan pou Aplike

Pou aplike w ap bezwen telechaje yon imaj nan pati devan yon pyès idantite foto gouvènman an bay, tankou yon lisans pou kondwi, paspò, oswa idantite eta a. Ou ka itilize yon idantite ki ekspire toutotan dat ekspirasyon an se nan twa dènye ane yo. Sistèm nan ka tcheke kalifikasyon w otomatikman. Si w apwouve, yap voye ba ou CharlieCard pri redui w la pa lapòs lakay ou. Pou w jwenn èd ak aplikasyon w lan, rele sèvis Kliyan nan 617-222-4200 oswa vizite lokal èd an pèsòn nou yo, ki endike sou sitwèb la.

MBTA pran angajman pou l bay tout moun transpòtasyon ki fyab ak aksesib epi l ap aplike yon nouvo pwogram pri redui k ap rann tout mòd transpò MBTA yo disponib ak abòdab pou moun ki gen revni elijib yo.

Pou aprann plis, vizite:

[MBTA.com/income-eligible](https://www.mbta.com/income-eligible)